Босфорым и дзэр и щІэгъэкъуэну Джэгъэтей тахъэм и тІысыкъэжащ, ауэ Тыргъэтауэ имыкъуну хьІтыгъи щыІэ быдапІэм щІиубыдащ. Мыбдеж а бзылъхугъэм къыщІэлъэгъуащ зэрыкакъыбІыр: гъэрпІэм къызэрикІыжьыфам имызакъуэу, шым къиІуэтри, щІэпхъуэжащ. ХьэгъуэлІыгъуэм хэс Сатиррэ и малъхъэ хъуа Джэгъэтейрэ абы пхъэр кІэлъауатІыпщат къэхъуар къащІа ижь, арщхьэкІэ дэнэт!

И лъэпкъэгъуэхэм я дежь нэсыжа Тыргъэтауэ и адэр лІауэ, абы и пІэм пащтыхьу езым нэхъапэм фІыуэ итуэрыІуэри щІалэр ирагъэвауэ ирихьэлІэжащ. Ижьрэйр къэмыдаІуэу тетыгъуэр абы къыІэщІилъхьэну зэрыхьэзырыр жиІащ икІи къелъэІуащ дэкІуэну. ЦІыхубзыр, дауи, арэзы хъуащ.

Пхъэ быдэкІэ къэувыжа Тыргъэтауэ мурад ищІащ къытехьа лейр имыгъэзыну. И удыныр япэу зыхуигъэзари къелцІыжа Джэгъэтейщ. Езымрэ и щхьэгъэ хуэхъуамрэ я унафэм щІэту дзэр синдхэм я лъахэм ириутІыпщащ. Мыгувэу щІыналъэр къыззщІэльадащ. Абдежи къыщІыуІакъым: Босфор къэралыгъуэм шынагъуэр лъэІэсащ. Іуэхур Сатир Езанэм жиІауэ зэрыщІэта дыдэм хуэдэу хъуащ.

Хэжьпіэнэщэти, пащтыхьитІми Тыргъэтауэ и деж лъэІуакІуэхэр игъэкІуащ: ахэр хъэзырт мызыгъэнщІэу ущытэжьэну нэхъ тынщ, шэдильхэм нэхърэ. Ауэ мыбдежи хэкІыпІэ къыщыбгъуэтыфынущ.

Зи гугъу тщІы законым мыхьэнэшхуэ иІэнущ дыщэкр, дыжьыпхэр, нэгъуэщІ фІыгъуэхэр къыщыщІах щІыналъэ псоми я дежкІи фІыгъуэ гъунапкъэнщэ.

Зэкіэ хуагъэфащэу къэзэрлъытамкІэ Колымэ щІыналъэм и дыкІэ гъэтІыпІыгъэхэр тонн мин 700-м щІегъу. Ар щІыналъэми къэралми я дежкІи фІыгъуэ гъунапкъэнщэ.

● Къулеигъэхэр

Лъапэкіэ зэрахуэ

«Магадан» псалъэр ди къэралым щыпсэу цІыхухэм я бзэхэм жагъуэу хьыхащ, СССР-м и зэманым политикэ Іуэхухэмкіэ зэхэзехуэн ящІахэр зыдагъакІуэу щыта щІыпІэти. Езы щІыналъэр егъэлеяуэ щІыІэщ, аращ щыпсэуну куэдым щІафІэмыфІри. Арщхьэкіэ Магадан зи щыхьэр областым къулеигъэкІэ къыпэхъунур мащІэщ. Псом хуэмыдэу дыщэрэ дыжьынкІэ. Аращи, уеблэмэ мыбы щІэх къулей ущыхъуфынущ. Ауэ ар куэдым ящІэркъым. Иджыри къэс тэмэму къьхуэхутхъым дыщэхэІІэуэ мыбы щыІэр зыхуэдизыр. Фегупсысыт: Магадан областыр километр зэбгъуэзэнатІэ мин 462-рэ мэхъу. Абы и щІыналъэм зэрыщыту ихуэнщ Узбекистанэр. Геологхэм нобэр къыздэсым металл лъапІэхэр къыщахутар Колымам (апхуэдуи ёоджэ мы щІыналъэм) и процент 20-ми щІигъуркъым. Абы и гъэтІыпІыгъэхэм я закъуэ зэпымыууэ иІэсс щэныкъуэм щІигъукІэ елжьыбфынущ. Адрейхэр щэ?

КОЛЫМАМ дыщэ къыщыщІах шахти 140-м. Абыхэм зы илъэсым къэралым иращэ тонн 50-м нэс. Абы и лъэныкъэкІэ зэкІэ областым къыткІэуэр Красноярск крайм и закъэущ. Дауи, дэ зи гугъу тщІыр бжьыгъэ нэрыльагъурщ. ЩІэуфахэрщэ?

Іуэхум щыгъуэзэжкм зэрыжаІэмкІэ Колымам щэхуу дыщэ къыщыщІах цІыху мин нэхърэ мынэхъ мащІэм. Апхуэдизкъм мыбы «хъэкІэкъуэкІэкІэ» щоджэ. УбакъуэхуэкІэ уи нэр зыфІэнэр къомыщтэу ублэкІыфыну? АтІэ мыбы а фІыгъуэхэр лъапэкІэ щыізэрахуэ икІи ар псалъэ къудейкъым. Хэбгъэзыхьмэ, къалэ музейм щагъэльагъуэ жэмым и шхалъэм къраха бзыщ тыкъырышхуэр. А фІыгъуэхэр куэдрэ къыхах а псэущхьэ гъурулъхъм къадэха вэнвейхэми, щыхъуакІуэм удзым хэлъу яшхуэз.

Колымэ зыщыізыгъэбыдахэр мыбы илъэс куэд хъуауэ щопсэу. Апхуэдизкъм фІы дыдэу ящІэ хьІфладзэжа къыщІэхыпІэхэр здэщыІэр икІи абыхэм мымащІэу дыщэкэр къыізэрыщІэнар. КъыщІэх, умыщьхьх къудей. Къаугъуея фІыгъуэр пуду иращэ сондэждэркъэм. Нэхъ гуащІафІэхэм зы илъэсым сом мелуан зыбжанэ яІэрохьэ. Дауи, къэралым налог гуэри иратыркъым.

Совет Союзым и лъэхъэнэм апхуэдэ щыІакъым; абы щыгъуэм къэралыр тКІийуэ кІэлъапІлтыт мы Іуэхум. Езыми Іэрыхьэрт дыщэ псори. Иджы ар зэтраублэжыну я мурадщ. Аращ «Дыщэ къыщІэхыным и Іуэхукіэ» законым и проектыр кІащтэным мыбы егъэлеяуэ щыщІыпэплъэр. Абы япэ еджэгъуэзкІэ Къэрал Думэм щыхэпІьакІащ. А хабзэм и тэмэмагъэр псом япэу щагъэунэхунри Колымащ. Дауи, зэІумыбзыныгъэ зыкъом къыкъуэкІащ, ахэр зэтес пщІыжьыну тынщхьэм, ауэ пхузэфІэкІынущ. Депутатхэм зэрыжаІэщи, псори зыхуэгъэзар дыщэр къыщІэхыныр къанэ щымыІэу хабзэм игъэув пщалъэхэм игъэтІэсэнырщ. Ар къызэбгъэпэщыну гугъуэкІи, Магадан областыр здэщыІэр къэпІыытэмэ. Мыр щІыналъэ щхьэхуэщ. Ар гъунэгъу Якутием пызыщІэр зы автомобиль гъэзэгу закъуэщ. НэгъуэщІу тенджызкІэ е хьуакІэ фІэкІа улъэІэсыфынрыкІым. Дронхэр щыкуэд мы зэманым щытыкІэм тэнщу ущыкІэлъапІлтыфынущ зыми дэпщапІэ имыгъэзтыфын хуэдэу. Аращ областым и властхэр законыщІэр къащтэным темыпІэжу щІыпэпІлтэр. Абы псоми я фейдэ хэлъынущ; мы Іэнатіэм елэжьыну хуей цІыхухэм щІыхэр гектар бжьыгъэкІэ хуагъэзыжынущ. ЗэрыгурыІуэгъэщІи, бдджэнду. Зульдозер лъэщхэм нэмыщІ нэгъуэщІ сыт хуэдэ техникэри къагъэсэбэп хъунущ. КъещІаха дыщэр рынок ХасэхэмкІэ къэралым ищхэнущ. Зэрытлъагъуащи, хилъэфэнур сондэждэркъэм я закъэущ.

Пэжу, законыщІэмкІэ мыарэзыхэри щыІэщ; иджы ахэр щыІэмэхьфынрыкъым зыдыхьэрэй щыІэпІэм. ХэзыщІыкІэм зэрыжаІащи, пщахъуэщІхэм ущытэжьэну нэхъ тынщ шэдильхэм нэхърэ. Ауэ мыбдежи хэкІыпІэ къыщыбгъуэтыфынущ.

Зи гугъу тщІы законым мыхьэнэшхуэ иІэнущ дыщэкр, дыжьыпхэр, нэгъуэщІ фІыгъуэхэр къыщыщІах щІыналъэ псомия дежкІи.

Зэкіэ хуагъэфащэу къэзэрлъытамкІэ Колымэ щІыналъэм и дыкІэ гъэтІыпІыгъэхэр тонн мин 700-м щІегъу. Ар щІыналъэми къэралми я дежкІи фІыгъуэ гъунапкъэнщэ.

● Щіыуэпс

Дыгъужьыхьэхэр

**Ижь-ижьыж лъандэрэ дыгъужьыр щІыхум и бийщ. Ар ящыщщ абы нэхъ лъэщу икІи къызэфІэмыщІэу къапщІэтхэм. Мы хьэкІэкъуэкІэр мэзхэм щІэт, губгъуэм ит псэущхьэхэм ямызакъуэу, унагъуэ Іэщым и дежкІи хуабжьу шынагъуэщ. Иджы езы цІыхухэмэ къащытери къохъу. Псалъэм и хьэтыркІэ, дыгъужьым къридза уІэгъэ хьэлъэхэм иджыблагъэ илІыкІащ Курган областым щыщ цІыхубз. Ар хущІэкъуат и пщІантІэм дэс хьэхэр ихьумэну, арщхьэкІэ езым и гъащІэр хилъхьащ. НэгъуэщІ щІыналъэхэми къокІ абы ещхь шынагъуэхэр. Дыгъужьхэр щыІэщ континент псоми икІи дэтхэнэми абы и цІэр фІыкІэ щыжаІэркъым. Иужь зманым апхуэдизу цІыхухэр ягъэпІейтейуэ хуежьащ псэущхьэхэм я нэгъуэщІ лІэужьыгъуэхэми. Абыхэми мэкъумэшым хэщІыныгъэшхуэ ират. Іэмалыр зыщ: я бжьыгъэм кІэлъапІлтыныр, егъэлеяуэ хэмыхъуэн папщІэ.

АПХУЭДЭ жэрдэмкІэ иджыблагъэ Къэрал Думэм зыхуагъэзащ Краснодар крайм и Хабзэгъэзыв зэхуэсым и депутатхэм. ЦІыхубэм и лІыкІуэхэм къащта унафэм къыщыгъэлъэгъуащ а Іэнатіэм теуха Федеральнэ законым и 48-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэ халъхьэну.

Депутатхэм къыхалъхьэ зэран хъу псэущхьэхэм я пщІэтыныр хабзэм ирагъэкІуну. Икли ар зыхуэгъэзар дыгъужьхэм я закъуэкъым. Псалъэм и хьэтыркІэ, щІыналъэм и гуэл ІэрыщІхэм хаутІыпщхьа бдзэжьей хугуэхм къатехъуІа бдзэжьей цІыкІуэхэр яфІэфІ яшх абыхэм къеузса хуІабащ (баклан) лІэужьыгъуэхэм. Я бжьыгъэри мащІэкъым - мин 300-м нызэрогъэблагъэ. Мазэм къуриубгъу зым бдзэжьей килограммым нэс хуэшхынущ, псори зэхэплъхьэжмэ, тоник 30 мэхъу. КьинэмыщІауэ, хьэІуцІадзэхэри мэбагъуэ. Дыгъужьхэри нэгъабэ куэдрэ ятеуащ унагъуэ Іэщхэм.

Мэзым щІэх зэкІэжьхэжкІэ зэхэзым жьлагъуэхэм нэхъ гъунэгъу зыкъыхуащІ. Псалъэм и хьэтыркІэ, мы гъэм и щІыналъэм Приэр-Аргар районым и къуажэхэм ящыщ зым и механизатор щІалэм зигъэхьэзырат и пхъэІэщэр игъэхьбэзну, арщхьэкІэ мэзкуэ гъуабжэм къыхэжа хьэлъакъуиплІ гупыр кьиІуагъури, къэувыІэжащ. Ахэр занщІу вагъэм къыхэлъэдащ. И кабинэм ицу мэкъумэщыщІэм кьибжащ ахэр пщІы хъууэ. Зэкъуэхуэуэ уарихьэлІэмэ-щэ?

Нэлуэу зэрыщІытщи, мы Іуэхум мыхьэнэшхуэ иІэщ Кавказ Ищхъэрэм и адрей щІыналъэхэми ехьэлІауэ.

Краснодар крайм и депутатхэм къалъытэ псом япэу щакІуэхэм ират пщІэр къаІэтын хуейуэ. АрщхьэкІэ, ахэр бгъэмащІащи хъунукъым. ЩхъэхуэгъэІэри япІэ иувэн къыхэзырыкынуц. Апхуэдизкъщ дыгъужьыхьэхэр. Ахэр къыщежьар иджыкІым, арщхьэкІэ мы зэманырщ нэхъ щІэх-щІэхыурэ икІи зэуІуу утыку къыщцихьэ щыхъуар. Зи гугъу тщІыр дыгъужьымрэ хьэулей хъуа хьэхэмрэ я кум къыдэкІахэрщ. ЗэкІэ абыхэмрэ зэхущІэхьэмрэ зэпэщІэтщ, ауэ иужьрейхэм я бжьыгъэм хэщІмэ, мыдрейхэр нэхъыбэ зэрыхъунум шэч хэлъкъым. КъызэрыщІэкІымкІэ, ар нэхъ шынагъуэкщ. Псалъэм папщІэ, дыгъужьыр щІыхум, техникэм къыщошынэ. Ауэ абыхэм еса дыгъужьыхьэхэм апхуэдэ ящІэхэзркъым. Мис зы щапхъэ: иджыблагъэ дыгъужьыхьэм уІэгъэ ищІа цІыхур зыІыз «ДэІэпэнкІэ хъунущ щІыналъэм» зыщІыну теуащ. а Іэпэнкъуэм. ЗэрыхуэзфІэкІкІэ кІэлъыжащ, ирагъэпІытІыхуКІэ. ЯпэщІыкІэ хуагъэфащэуи ар къыхьхьа уэ гуэрым зыщъэщцихуэуэ. Арщхьэкіэ узынщэу къыщІэкІащ.

Абы дыщынэсакІэ, зи гугъу тщІы хьэкІэкъуэкІэхэм хьащхьэрыІуэ уэ бзаджэр куэду эзрапкърыти къэдгъэлъэгъуэнщ. Абы ищІэнкІэ хъунущ цІыхухэри гнагъуэ Іэщхэри.

Кіэщіу жьпІэмэ, мыбы теухуауэ зэфІэхьи хуей Іуэху куэд эзтрихьащ.

«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар
ШАЛ Мухьэмэдщ.

Щіыцэлъху лъэпкъ мащІэхэм я бзэр зэрыкІуэдыжым куэд егъэгуауэщхьэу. Бзэм кІыхьу утепсэлъыхьыфынущ, апхуэдизкІэ куэд пыщІащ, епхащ абыи. Ди бзэр, адыгэбзэр, къапщтэмэ, нобэрей махуэм лъэпкъыр дыззрыт щІыналъэм тещІыхьауэ, мыпхуэдэу упщІэр бгъэувмэ нэхъ къоззгъ: сыт зэран къытхуэхъур анэдэлъхубзэм дрипсэлъэну?

«АДЫГЭБЗЭМ Къалэкіыхьым унихьэсыкнукъым, сыту сщІыну ар?!», - жьІэгъуэр сыззэрыщыкІуэр зэхьізох. Апхуэдизу нобэ дызытегупплІа адыгэбзэм абы и пщІэр зэрыриудыкри, лакъуэ псом я гукъыдэжкр зэрыІэщІиудри къыгурыІуэу къыщІэкІынтэкъым ар япэу жьізыІам. ЦІыхур къэгъэпцІэгъуафІэщ, зытепкъуэзн хуейр пщІэмэ...

Тхэн щІэзыдзагъащІэхэм я литературэ хасэу «Шыхулъагъуэм» и унафэщІу илъэс куэдкІэ щыта, тхакІуэ, усакІуэ Хьэх Сэфарбий дэнэ щыІами, хэт и пащхьэ ящІами, зэрыпсалъэр адыгэбзэт. И псэльэгъуэм адыгэбзэр кьызэрыгурымыІуэр зригъэщІа нэужьт ар урысібзэм щытехьэр. Абы теухуауэ Сэфарбий жиІэжьрт хьІбар гъэщІэгъуэн. Лэжьыгъэ Іуэхукіэ Москва ягъэкІуат ар. ЩыщІынІэ кІуэху сыдэтетым, гувэу къыщыхъури, зэманыр здынэсар кьищІэну япэу къьблэкІ щІалэ нащхъуэ сырыхушхуэм, зэрихабзэу, адыгэбзэкІэ зыхуигъэзащ: «Уа, щІалэ, сыхьэтыр дапщэ хъуауэ пІэрэ?!», - жиІэри. «Сызэрыядыгэр дауэ кьызэрыпщІар?!», - жиІэри, жууап къитащ, зэ Іуплъэгъуэкіэ нэсри късэсжауэ урысыфэ зытет щІалэм. Мыбдеж гу зылъытапхъэр - къалащхьэм къыщыхутами, нэгъуэщІ лъэпкъ яхьыхьами, Хьэхыр и бзэм темыкІыІтыхьу, и дзэр мышу, емыпщІыжу, ар япэ зэрыригъэщарщ! «Ар тэмэмкъым, дызыхэс, къытхэс лъэпкъэм пщІэ яхуэщІын, псоми къагурыІуэ урысибзэмкІэ псэльэн хуейщ», - жаІэнуц куэдым. «Ар щІэдзапІэр зэриух кІэухум и щІдзапІэщ», - жиІэрейт Хьэхым. Мыбдежи дахэ дыдэу кьозэгъ а жьІэгъуэр. Уи бзэм урипсэльэну укІытэр уи бгъэгум кьыщитІысхьам дежщ лъэпэрэпэн щыщІбдзэр!

Фи нэмыс нэхъ лъагэ ухъуи, бын згъуэта нэужьщ мы Іуэхур кІыізыхэкІыр кьыщІэгурыІуар...

Адэкіэ къыпытщэн ипэ, анэдэлъхубзэр кІуэджьиным щхьэусыгъуэ хуэхъуу щІэныгъэлІэкІэм къаухтахэм сытепсэлъыхьынут. Ар тІу мэхъу: нэхъ лъэпкъыщхъуэ гъэрым ихьэхуу, лъэпкъ мащІэр абы щыхэшыпсыхьжьым деж; зи хэку зыбгынэу (зрагъэбгынэу), хамэщІ къыщыхута хэхэсам а зэхэтІысхьа лъэпкъым и бзэр иджын хуейуэ къыщыхуагъэувым деж.

Адыгэ лъэпкъым, зэрытщІыщи, тІури и нэгу щІэкІауэ ещІэ. Илъэси 160-рэ мэхъу адыгэм и къэралгъуэр фІэкІуэду Урысейм щыщ зэрыхьурэ. Апхуэдизу дыдэ мэхъу displaystyle мащІ! Къыщыхута ди лъэпкъэгъуэхэм я зэхуэфІэкІуэдри, адыгэбзэр иджыри къэс псэущ! Пэжыр зыщІыпІи пхузыкъыщынукъым, лъапсэрых щынагъуэ и нэгу щІэкІащ адыгэм, ауэ илъэс мин бжьыгъэ хъуауэ къыдекІуэкІ хабзэмрэ бзэмрэ ихъумэфащ! Сыт хуэдэ щІыналъэ щыпсэуами, сыт хуэдэ дин зэрихьами, адыгэр сытым дежа адыгэу щытыжащ. Ауэ щыхьэкІэ, щыІэщ власткм фІэщхьэныгъэмэ нэхърэ нэхъ лъагэ гъэр.

ЩІэныгъэлІэхэм зэрыжаІэмкІэ, бзэр кІуэдыжьын папщІэ, ар лакъуи 3 - 4-м Іурыпчын хуейуэ аращ... Ди гуапэ зэрыхъунщи, щыІэу къыщІэкІынщ мы къэхутэныгъэр щымылажьэ.

Ар нэхъ щхьэусыгъуэзшхуэхэращ. Унагъуэм дежь къэдгъэзэжмэ-щэ, псори кІыщежьжьым дежь?!

Адыгэм адыгэу зэрызицІыхьжрэ илъэс мини 6-м щІигъуауэ жаІэ. АтІэ, илъэс мини 6-кІэ лъэпкъым ихъума бзэр нобэ (лей лъэпкъ къыщыттемыхьэ лъэхъэнэм) кІуэдыжьыгъуэм ихуауэ щхьэ къаІэльытэрэ? Сыт абы щхьэусыгъуэ хуэхъур? Сабийм и щІынэгъуэ дыдэм деж къыщыщІдзгъадзи, девгъэлІ.

Унагъуэм къьхуа сабийм япэ ильэситІым зэхихыр адыгэбзэщ, и адэ-анэр, адэщхъуэ-анэщхъуэхэр анэдэлъхубзэм ирипсалъэмэ, телефоныр Іэщ1амылъхьэмэ. Ар илъэсит1 ирикъуэ нэужь сабий садым макІуэ. Гуным хэсщ уэрысхэри, балъкъэрхэри, дагъыстэнхэри, нэгъуэщІ лъэпкъэри, лъэпкъыбз республикэ щыІэхьІкІ. А псори зэгурыІэуэн, абыхэм епсэлъэн

● Абы дегъэпІейтей

Анэдэлъхубзэр нобэ

папщІэ гъэсакІуэр зэрыпсалъэр урысыбзэщ. Ар, дауи, сабийм занщІэу къещтэ. Пщэдджыжьым сыхьэти 8-м къыщыщІэдзауэ сыхьэт 18 хуэдизу щыщыІэкІэ, а зэманым къриубыдэу зэхихыр урысібзэмэ, абы телевизорым, телефоным, планшетым, уэрамыщхьэм кьиІуКІ урысібзэр къыхьхьэжмэ, дауэ фепІырэ, мазэ дапщэкІэ Іэщ1ахужьну пІэрэ сабийм и анэдэлъхубзэр?! Си щхьэм пІэнэйрэ кьрикІуа Іуэхущи, фІыуэ сощІэ - мазэ бжьыгъэкъым, уеблэмэ. Тхьэмахуэ бжьыгъэ!

Балигъым и Іуэхур щхьэхуэщ, абы нэгъуэщІыбзэ хуэзмыгъащІэу гугъу ехьми, акцент къыхэщІэнми, сабийм нэхъ псынщІэу епхъуатэ щІэщыгъуэр.

Адэкіэ, курыт еджапІэ, еджапІэ нэхъыщхьэ, лэжьапІэ... Дэнэкіэ игъэзами, лъэпкъ псори зэрызэгурыІуэ урысібзэщ сабийм и тхьэкІуэмэм итыр. Абы кІыикІыркъым хамэбзэмрэ нэгъуэщІ лъэпкъэмрэ запыІуддзу дыпсэун хуейуэ. Нобэ дызыэпсэхэкІ дунейр дэ тхуэхъуэжьынукъым. Ауэ бзэм епха гуныкъуэгъуэхэр унагъуэм деж къыщыщежьэжкІэ, ар курыт еджапІэм щепхакІэ, адэ-анэхэмрэ егъэджакІуэхэмрэ я къару къызэрихькІэ елІэпІэн хуейуэ аращ щІэблэм анэдэлъхубзэр Іэщ1эмыгъэхужьным.

Сабийм урысібзэкІэ псэльэн щыщІидзам деж, щыІэщ адэ-анэ, адэшхуэ-анэшхуэ, ар хуагъэдахэу, иригуфІэу, уеблэмэ езыхэр урысібзэ «ещІэкъуэу» защІэ хъурэ, дАІыгъуэу, адыгэбзэм нэхъри трагъэщІэным ипІэкІэ, Іэщ1ауэ.

Сыт нобэ ди Іэмал а щытыкІэм зедгъэхъуэжьын папщІэ? Псом япэ, дызыщІэвгъэгупсысыж, дызэзгъэпІыж. Хьэкъыу тпхыкІын хуейщ зы гупсыс закъуэ: дэнэкІэ дгъэзами, хэкум дызэрибгъэкъІыу - дыхамэщ. Ауэ щыхьэкІэ, дызыщыщІ пІэпкъым дыхуэпэжмэ, ди бзэм хуиту дрипсалъэмэ, хабзэм дытетмэ, «Сыадыгэщ!» тхужьІэнщ хуиту.

Адыгэм сытым дежи и лъым хэлъащ зэпеуэнкІэ, хьэрухэрэгъуэм ефІэкІын щхьэкІэ нЫкъуэкъуэныр. А хьэлрауэ къыщІэкІынщ нобэм дыкъьзэшІэсари. А гупсысэм сыкъыхуэкІуащ Табыщ Муратрэ Хьэщыкіу Раери зи унафэщІ «Адыгэбзэ хасэм» иригъэжьауэ «Джэгурэш» зэпеуэм хэт сабийхэм сакІэлъыплъэ нэужь.

А зэпеуэр зэрыщыту зэрекІуэкІыр адыгэбзэщ. Гушыіэхэмрэ зэпеуэм щагъэззащІэ уэрэдхэмрэ къызэрапщІтэ хабзэхэм ящыщщ урысібзэ, нэгъуэщІыбзэ къыхэмыхьэу Іуэхур анэдэлъхубзэ къабзэкІэ егъэкІуэкІынщ. Мис абдежым ди сабийхэм зыкъызэкъуахри, мы дунеижьыр адыгэбзэм къыхуигъэщІауэ фІэкІа умыщІэну, зэщІэжьауэрэ зэрыгІэпІыкІыу анэдэлъхубзэкІэ къопсалъэ къалдзэ егъакІуэ нэгъунэ! Псэльэсфыну зимыгугъахэри текІуэныгъэм папщІэ къопсалъэ, «бзэр бгъэмкІуэдыж» жьІэгъуэр пщагъэгъупщэжрэ гушхуэныгъэр кьызэщІагъэуэщ. Ауэ щыхьэкІэ, ди бынхэм адыгэбзэр ящІэ, ар я гум илъщ, ящыгъупщагъэ, хуэмеІуэ, ирипсэльэфу къыщІущыхуми.

Ярэби, апхуэдэ зэпеуэр нэхъыбэу диІатэмэ, абы щытекІуэхэр саугъэтыфІхэмкІэ яГъэпсыпІэу щытатэмэ, дунейпсо утыку итхьэу, хэхэс адыгэхэри кьызэщІиубыдэу тхуегъэкІуэкІатэмэ, нэхъ зыдужьыну пІэрэт?!

ФЫРЭ Анфисэ.

Сатыр зыбжанэкІэ

Ядэркъым

Кьыдэкіуэтея иужь дуней псом щыцІэрыІуэ тхакІуэ икІи драматург хъуа Шоу Бернард унэм щІэсу къыщыІуэжам и анэм игъэщІэгъуащ:

- Мыр сыт? Мыпхуэдэжм деж уэ Саммерсэ покер ущыджэгу уи хабзэти?

- Уэ удэжджэгун зэпымыууэ къынтІэ-къынтІэм икІи хьэрэм зышхым?

- Дауи, сыдэжджэгунтэкъым.

- АтІэ абыхэми ядэркъым.

Сыт щыгъуэ?

- Уэрщэр гупым хэс Крузенштерн Иван псалъэмакъыр щыІналъэ куэд къэзыхуэ инджьлыз хыдзэлІ Кук Джеймс и деж щыІнэсым, зы цІыхубз зыкъизыхь зыкъыхуигъэзащ:

- Дэ дощІэ Кук зыкъомрэ зэрежьар. Сытым щыгъуэ ар щагъкІар?

- Си гугъащ зэпуэ щежьам яуклІаеу, итыжащ жэуап Крузенштерн. - Ауэ , гу лъитатэкъыми, щІэныгъэ кІыимыгъанэу, аргуэру тІэунейрэ гъэзгу техьащ.

ЩІыхуэу къызэт

США-м граждан зэуэ щышцекІуэкІым ищхъэрэхэм я дзэзешэ нэхъыщхьэ Мак-Кеннан зэуэпІэм эшыдзейрт, зыгъасэ Іуэхухэм хэкІыртэкъым. Абы апхуэдизу зэгуигъэпати, США-м и президент Линкольн Авраам занщІэу жриІауэ щытащ:

- Уи къарухэр зэкІэ къымыигъэсабэпынумэ, щІэх дыди ухуей мыхъунумэ, кхъыІэ, сэ щІыхуэу къызэт.

Абы щхьэкІэ дззэешэм и хьэлыр зыхинакъым...

Щіыхуэу къызэт

- Дэ дощІэ Кук зыкъомрэ зэрежьар. Сытым щыгъуэ ар щагъкІар?

- Си гугъащ зэпуэ щежьам яуклІаеу, итыжащ жэуап Крузенштерн. - Ауэ , гу лъитатэкъыми, щІэныгъэ кІыимыгъанэу, аргуэру тІэунейрэ гъэзгу техьащ.

Щіыхуэу къызэт

США-м граждан зэуэ щышцекІуэкІым ищхъэрэхэм я дзэзешэ нэхъыщхьэ Мак-Кеннан зэуэпІэм эшыдзейрт, зыгъасэ Іуэхухэм хэкІыртэкъым. Абы апхуэдизу зэгуигъэпати, США-м и президент Линкольн Авраам занщІэу жриІауэ щытащ:

- Уи къарухэр зэкІэ къымыигъэсабэпынумэ, щІэх дыди ухуей мыхъунумэ, кхъыІэ, сэ щІыхуэу къызэт.

Абы щхьэкІэ дззэешэм и хьэлыр зыхинакъым...

● Къулеигъэхэр

Лъапэкіэ зэрахуэ

**«Магадан» псалъэр ди къэралым щыпсэу цІыхухэм я бзэхэм жагъуэу хьыхащ, СССР-м и зэманым политикэ Іуэхухэмкіэ зэхэзехуэн ящІахэр зыдагъакІуэу щыта щІыпІэти. Езы щІыналъэр егъэлеяуэ щІыІэщ, аращ щыпсэуну куэдым щІафІэмыфІри. Арщхьэкіэ Магадан зи щыхьэр областым къулеигъэкІэ къыпэхъунур мащІэщ. Псом хуэмыдэу дыжьынкІэ. Аращи, уеблэмэ мыбы щІэх къулей ущыхъуфынущ. Ауэ ар куэдым ящІэркъым. Иджыри къэс тэмэму къьхуэхутхъым дыщэхэІІэуэ мыбы щыІэр зыхуэдизыр. Фегупсысыт: Магадан областыр километр зэбгъуэзэнатІэ мин 462

Пэслъыт уэ уи цIэм щремыIэ, уи дежщ сэ си лъэр щыувар

***Гъатхэпэм и 21-р Усыгъэм и дунейпсо махуэщ. Урысейм ар ялуу щагъэлъапIащ 2000 гъэм. Усэр езыр лъапIэщ цIыхупсэм дежкIэ - гупсысэкIэ егъэнщI, елсыхь, егъэгуфIэ, егъэнэщхьеи е гукъэкIыжхэм хешэ. Адыгэ лъэпкъым къыхэкIа усакIуэ пажахэм я сатырхэмкIэ ди гум кьипсэлъыкIа хуэдэщ, алхуэдизу абыхэм псалъэм и къарур зыхащIэри. АбыкIэ щапхъэ нэс мэхъу КIыщокъуэ Алим. Хэт ар усэ сатыркIэ зи гум къимыпсэлъыкIар! Псом хуэмыдэу Хэкумрэ анэдэлъхубзэмрэ ятеуха гупсысэхэр зыщIэлъхэмкIэ. Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор БАКЪ Зерэ «Адыгэ псалъэ» газетым папщIэ усакIуэшхуэм адэжь щIыналъэр щигъэфIа усэхэр щыIэпкърихьа тхыгъэ игъэхьэзыраци, Усыгъэм и дунейпсо махуэм ирихьалIэу тыдодэз!**

ГУГЪУЭТ Заремэ.

ХЭКУМ, лъэпкъым, бзэм ятеуха сатырхэр кIуэцIрокI КIыщокъуэ Алим и усыгъэ псом. «Бгы лъапIэхэм дежи» (1941) и ялуу усэ тхыпщым къыщIэхьэуэ и иужьрейм - «ЩхьэлыкIуэм» (2001) - деж щицухьу абы и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыпIу хуэам бгъэдыхьэкIэ зэхуэмыдэхэмкIэ къыщыIуэтащ ар. Гупсысэм зригъэубгъу зэпытурэ, нэхъ куу ищIурэ, къиитъэсбэп художественнэ Iэмалхэр нэхъри кьулей хъуурэ хэтащ, усыгъэ дунейм. КIыщокъуэ - усакIуэм и зыужьщIыныгъэм, адыгэ поэзием, псом япэу лириким зыужьныгъэшхуэ зэриГъэтам и щапхъэщ хэкум ехьалIа абы и усэхэр. Абы кьыззщIеубыдэ куэд: бзэрэ, хабзэрэ, тхыдэрэ, нобэ дызыIэгъэзаз Iэхуэгъуэхэри, пщдейкI кьыдгъэнэри.

«Си щIыналъэ», «Адыгэ хэку», «Зеич лантIэ», «Ди унэжь», «Уи хэку жыг закъуэ фIэкI имытми», «Кхъужьей къудамэ»... Сыт Хуэдиз и гум кьипсэлъыкI, мыЩыгум и гум къиишхыдыкI къуажэжьыр - и лъапсэр ауэ сытми игъэфIэн, ар фIыщIэу зэриПсэгъуэ жиIэн къудейкIэм КIыщокъуэр абы щIыхуэусэр. Пэжщ, а гупсысэр - лъапсэр, хэкур бгъэфIэну дунейм утетыху узэрикъалэныр Алим нэгъуэщI и зы усэми, абы и щхьэусыгъэрэ Iупщу кьыщигъэлъагъуэу, щыжеIэ:

Дэ махуи жэщи демыэзыщ,
ДыпIащIэ-тхъытхъыу къыдожьых,
Ди псэм нэхъ къищтэр дымыщIэжу,
Дигу иримыхьыр хьдокухь.

Дунейм къутэхукIэ утетыну
Уи гуГъэм, уи щхьэр къоГъэпщIэж.
ГъэлъапIэ жэщыр, махуэм хуэдэу,
Уи хэку дахащэр гъэлъэпIэж.

«Ди хэку арГуэру къызоГъаз...»

Ауэ а къалэн лъапIэм и закъуэкъым мы иужьрей уэз гупыр Алим итхын хуей щIэхъуар. «Хэкур сымыгъэлъапIэу хъунукъым» - жыхуиIэ гупсысэм токIуэж «дунейр къутэжыкIэ сыщцмыпсэункIэ, пIэрэхэм гурыщIэу хуэмIэр, кьхьэжI-нехьэжI хэмылъу кьэзмыцIуэтэнщр ажалщ» жыхуиIэр. Ар щыбольагъу «Мывалъэ щIыпIэу папщэ щыIэ...» усэм. Тхьэлъанэ пэлъытэщ усэм хэт мы сатырхэр:

Дунейм псы сефэу сытетыхукIэ,
Уэ зыр гуфIэгъуэу узиIэщ.
Бзуэ зы уэрэдым щIапIыкIащи,
НэгъуэщI зэхилъхьэу жимыIэн.

Сэри сахуэдэщ къуалэбзуми,
И фIыщIэ хэкум сщымыкIуэд.
Си гъащIэр сухми, схуэуэхынкъым
Си хэку нур хадэм и уэрэд.

Куэдым урагъэгупсыс усэр зэриус сатыритIым: «Си гъащIэр сухми, схуэуэхынкъым / Си хэку нур хадэм и уэрэд» жыхуиIэм. ЩIагъыбзэшхуэ щIэщIыщ абыхэм. ЛириКэ лIыхъужьыр (усакIуэр), щэч хэмылъу, щогугъ и лъахэм хуиIэ лъагъуныгъэмрэ абы хуиIажьа Iэхуэгъуэхэмрэ лъэтхырКIэ лъэпкъ тхыдэм къыхэнэну, и цIэр игъащIэкIэ ящымыгъупщэну, и «хэку нур хадэм» псэуху хэузихьа уэрэдыр, езыр дунейм ехьыжа нэужькIи, зэпадзыжу цIыхухэм яIурыльну.

ЩхьэлмывэкIуэм сыт хуэдэу и теплъ нобэ ихъуэжами, ятэм щхьэл мывэ щIыхьэу щыстарэ ирихьа и къуэм «мывэ-уххэми удыхьэж», КIыщокъуэм и псэм хиххьам, абдежщ и сабиигъэр щIигъэКIуари. Дауи ирехъуи, жи, абы: «Пэсльыт уэ уи цIэм щремыIэ, уи дежщ сэ си лъэр щыувар».

КIыщокъуэм нахуэу КIыIуатэ и гурыгъу-гурыщIэ псори апхуэдизкIэ мыхьэнэ зиIэхэщи, гъащIэм щекIуэкI Iэхьгуъуэшхуэхэм япыщIащи, куэдым ейм ахэр поджэж. Апхуэдэ къару зиIэ лириКэрщ лириКэ нэсыр, апхуэдэ Iэзагъэ зыбгъэдэлъ усакIуэрщ усакIуэшхуэр.

Хэкум щхьэкIэ ятхуэу дунейпсо поэзием хэт усэ нэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщу пIыытэ хуэмыщ КIыщокъуэ Алим и «Зеич лантIэр». Ар зи гум дэмыкьэ адыгэ щыIэу кьыщIэкIынкъым. УсакIуэшхуэм, зыкIи къэмыпаиджэу, къеIуатэ и лъэхэм хуиIэ гурыщIэ къабзэр. «Зеич лантIэу IэшышгъуафIэ» щIыкиIэри ещIэж. ЗэнэкIэ «yaIуантIэми» хъуэ, уи щIым урахуми хъуэу (Истамбылакiуэм щыгъуэ) щхьэ ущыт си хэку, жыхуиIэщ. ЩхьэсэрпцIыпсэкъ хъыстебгъэгуплIэрэ, жьхуиIэщ. Ауэ щхьэхуэкI, сэ уэр папщIэ сымыщIэн щыIэ, жьхуиIэщ:

Уи жьэгу мафIэ щыужьхьым,
Си адыгэ хэку,
Дэ жьэражьэ сыпхуэзыхьункъэ,
Си адыгэ хэку.
Зы уIэгъэ уэ кьыптехуэм,
Си адыгэ хэку.
УIэгъищуэ зыхьызощIэ,
Си адыгэ хэку.

«Кхъужьей къудамэ» усэм КIыщокъуэм щIилъхьэфащ усыгъэм и хуэру лъэщ - ар пэжыгъэрщ, гурыщIэ къабзэрщ. Iэтэт зыщIэнур, мы усэр мыхъуамэ, КIыщокъуэ Алим къызыщыхьуэ пщIантIэм ар и сабиигъуэм щыгъуэ зи щхьэкIэм фIэса кхъужьей дахэ дэтауэ? КIыщокъуэми и адэжь лъапсэр ди нэгу къызэрыщIигъэувэ, езыми игу зэриГъэфIыж сурэтщ кхъужьей жыг щхьэ баринэр. УсэмкIэ кIыьбгуроIуэ зи лъахэм къыхуэпабгъэ, къыхуэзэщ цIыхум абы къыхуиIэ лъагъуныгъэм и инагъыр.

Сызыхуэныкъуэ сэ сыт щыIэ -
Данэм сыхэсми, сыхэхэсщ.
Кхъужьей къудамэ, тхьэмпэ пыту,
Ди хэкум къиши къыхуэгъэс, - мэпхIыуэ лириКэм Алим сытым щыгъуи игъэпIейтейр бзэ Iуэхум.

Ди бзэр псэужмэ, апщондэхукIэ
Си гугъуи ящIу зэхэфхынщ, -

щыжеIэ абы «Ди бзэмрэ сэрэ» зыфIища усэм. АдэкIи кIыпещэ мыпхуэдэ псалъэхэр:

Сыт батэкъэтуар уэ бгъэшами,
Уи бзэр къэIуухIэщ уи дунейр.
Бзэ симыIэжмэ, сэ ахърэтым
Жэнэт сисыныи сыхуэмей.

КIыщокъуэ Алим дежкIэ анэдэлъхубзэр псэм и зы Iыхьэщ, езыр зэрыпсэури и цIэр зыгъэIыри а бзэрщ. Ауэ бзэр ар зи IэщIагъэм ищIэн хуейуэ, адрейхэр абы хэхъеими хъуну аракъым. Абы теухуауэ усакIуэм щIэгъэщхьуауэ жеIэ:

Убзэмыгъуэ, бгъуэтыжынкъым
Уи гурыльыр пIэщIэхуам.
Бзэ зимыIэр щIыльэм тетми,
Хуэдэ къабзэщ къамылъхуам.

УсакIуэр тогужеикI анэдэлъхубзэм.

«Адыгэбзэр сыт щIэзджынур,
Зыдынэсыр БакъэIкIыьрщ», - жызыIэхэм ар яхуошхыдэри, а бзэр, и анэбзэр езым дежкIэ, апхуэдэу щыщыткIэ, лъэпкъым дежкIэ зищIысыр къеIуатэ:

Адыгэбзэр хэт фIэгугъуми,
Ещхьщ си дежкIэ псыIэрышэм.
Ар уэрэду зэхьэзохьу,
Къурши губгъуи къыдэушу.

ПсыIэрышэм хуэдэу Iущащэ и анэдэлъхубзэрщ КIыщокъуэ Алим дуней псом зэрепсэльар, лъэпкъ куэдым я бзэкIэ и тхыгъэхэр зэрадзэкIыьуэр.

ФIыгъуэ куэд къытхудэкIуэну

● Гъэрэ щIырэ зэхокI

Дыкъэзыухъуреихь щIыуэпсым и щытыкIэ зэхуэмыдэхэмрэ абыхэм яIэ пльыфэ зэмыщхьхэмрэ игу ириубыдэурэ, дунейм и зэхэлъыкIэм нэхъ хуэуэ хищIыкI хъуурэ, цIыхум бгъэдэлъ щIэныгъэм лIэщIыгъуэкIэрэ зиуэщIащ. Нэхъыбэрэ абы гупсысыта зыхуищIыр дуней къэхъуакъащIэхэрат. Гъатхэр махуэгъэпсымкIэ къыззрихьэрэ махуэ 20-м хъуами, астрономие пщалъэмкIэ ар къыщихьэр нобэщ, гъатхэпэм и 20-рщ. Гу зылъытапхъэращ, щIэныгъэлIхэм кьыззралъытэмкIэ, 2010 гъэм къыщыщIэдзауэ 2050 гъэ пщIондэ ар гъэ къэс техуэнщ апхуэдэ махуэм, 2044, 2048 гъэхэм кьыщыкъэмыщIа. А илъэсхэм гъэрэ щIырэ зэхэкIыну хуагъэфащэ гъатхэпэм и 19-м.

Ди лъэпкъым щыщ щIэныгъэлI куэдым я къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм кьыщагъэлъэгуауэ адыгэхэм а IуэхугъэмкIэ ябгъэдэлъ зэхэщIыкIыр зыхуэдэр. Абыхэм кьыззрыхэщыкьмкIэ, адыгэм ипэкIэ илъэсыр Iыхьитlу ягъэшу щытагъэнущ - гъэрэ щIырэ, нэгъуэщI жьIэмэ, гъэмахуэ пIалъэрэ щIымахуэ пIалъэрэ. Абы и щIыхьэту къыщIэкIынущ нобэ ди гъащIэм хэт псалъэхуар: «Гъэрэ щIырэ зэхэкIащ». Нэхъ иужьыдэкIэ илъэсыр пIалъипIлIу ягъэш хуауэ: гъатхэ, гъэмахуэ, бжьыкIэ, щIымахуэ. Мыбы дэтхэнэ зыми мазэ щырыщ яубыдыр. Мазэм махуэ 30, ауэ щIыхьыкIэ, илъэсым махуэ 360-рэ къриубыдэу зэхуэдэт. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, илъэс къэс махуэ зытхух къыдидзэрт. Махуэ адыгэхэм зэхуэмыдэу и щытыкIэ зэхуэмыдэхэм я щIыпIэ зэрыщIэкIыр. Абы щIыхьэту ящIыщт гъэрэ щIырэ зэхэкIащ. Ауэ ар ящIыщ гъэрэ и гъащIэр мэхъуэмэш щIэным, Iэщ зехуэным теухуауэ щытти, абыхэм ехьэлIа Iэхуэгугъэ псоми зэрагъэужьырт. Ар Iупщу щынэрыпльагъущ ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм кьыдедекIуэкI хабзэхэмрэ зетхъэ лъэпкъ хьэлымрэ. Абыхэм хеубыда ди махуэрыбжэрщ.

Дунейм и щытыкIэм хуэнабдзэгубдзаплъэ нэхъыжьхэм гу нэхъ зыльтатэр дыгъэм, мазэм, ягъуэзэм я щытыкIэрт. Псальэм папщIэ, дэтхэнэ кьуажэми зы бгыщхьэ е Iуащхьэ, жыг хуэ гуэрхэр яIэти, абыхэм я щхьэщыгъум дыгъэр кьиувамэ, кьулъшыкIу, кьулъшыкъушхуэ, щэджагъуэ хъуащ, жаIэрт. ПсэупIэ унэхэм я гупэхэр кьуэкIыпIэм нэхъ хуэгъэзауэ щытти, бжэ, щхьэгъубжэ даззэхэм кьыдидз дыгъэ бзийжэмкIэ кьащIэрт махуэм и пIалъэхэри.

Махуэм и кIуэцIкIэ мэхъуэ зратхэм ящыщт дыгъэм, ар зытепсэхэм ядэ ныбжьхэм. Жэщым гуаззу кьагъэсэбэпырт вагъуэхэр, вагъуэбзынхэр. Илъэсыр Iыхьиплу зэрагъушыр адыгэхэм ирапхырт «ВагъуэбзэкIэ» зэджэ вагъуэбыным. Ди анэдэлъхубзэм кьыхэнауэ иджыри хэтщ мыпхуэдэ жьIэгъуэхэр: «Вагъуэбзэр щIым кьыхэкIащ», «Вагъуэбзэр гъавэм кьыхэплъащ», «Вагъуэбзэр жыг щхьэкIэм хыхьащ», «Вагъуэбзэр щIым хыхьэжащ». Мы псалъэухэхэм ящыщ дэтхэнэми мыхьэнэ пыухыкIа иIэт икIи гъэм и зэман хэкам епхауэ жаIэрт.

Вагъуэбзэр щIым кьыхэкIауэ кьащIащIэр гъатхэм и деж махуэхэмрэ жэщымрэ зэхуэдэ щыхьу зэманыр. ЗэрыжьIащи, 2024 гъэм ар зыхуэзэр гъатхэпэ маззм и 20 - 21-рщ. Абы ирихьалIэу адыгэхэм илъэсыщIэр къихьауэ къалъытэрт. «Гъэрэ щIырэ зэхэкIащ», - жаIэрт абыхэм а щыгъуэ. Дяпэ ита нэхъыжьхэм а махуэр Iэтауэ ягъэлъапIэрт. ИлъэсыщIэр кьыщихьэу къалъытэ а зэманым теухуауэ унагъуэ къэс мафIащхьэтыхь (иужькIэ «мафIащхьэ дждэ» - жаIэ абуащ) ящIырт, гъэфI къаритыну Тхьэм елъэIурт, щIалэгъуалэр хъуромэ джэгурт, кьуажэбгъуэм гуфIэгъуэ зэхьихьэхэр кьыщыIэзрагъэпэщырт. Пшапэр зэхэуа нэужь, зи дэкIуэгъуэ пщащэ щIыкIуэм джэш ядэирт, пIэщхьагъэ зыдагъэутыну щащуэр кьащIэн мурадкIэ. Сытми, кьэтыгужэу, гукъыдэжкрэ дэрэжагъуэрэ яIэу махуэр ягъакIуэрт.

Псэ зыIуту дунейм ехьэ ри нобэ щогугфыкI щIыуэпсыр «кьыщыIуащ» мы зэман дахэм, зыэпсапIэхэмрэ мурадыщIэхэмрэ абы иарпхыу. ЩIыхуэм я нэхъыбапIэм я хъуэпсапIэ нэхъыщхьэр, щэч хэмылъу, епхащ дунейм мамырыгъэ щытепщэ хъужьыным, фIыгъуэхэм я нэхъыщхьэ зэгурыIуэныгъэр лъэпкъхэм, къэралхэм я зэхуаку кьыдэхъужьыным. Абыхэм къакIэлъокIуэ ди унагъуэхэм узынщагъэрэ насыпрэ илъынщ, бынхэм, кьыштIэхъуэ щIэбгъэм гукъеуэнщэ дахуэхъужьыр. А рознэ нахуанIэ хууэу етIанэгъэ и иджы хуэдэ пIалъэм унэсыну сыту фIыгъуэщхуэт! Тхьэм кьытхуэппищ. Аращ дяпэ ита нэхъыжьыфIхэм хъуэхъу нэхъыщхьэу ягъэIуу щытар. Дэри лъэхъэнэщIэм, гъатхэм и макъамэ дахэр щыIум, фIыгъуэ куэд кьытхуэдэкIуэну!

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Гъуэгухэр щыIэрагъэпэщыж

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Дзэлыкъуэ щIыналъэм хыхьэ Светловодскэ, Зольскэ къуажэхэр зэрэпхъ къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжынущ.

А IУЭХУМ хэзгъэзэ лъэпкъ проектым хьыхьэу кьагъэщIэрэщIэжьинущ Светловодск къуажэм пхрыкI и уэрам нэхъыщхьэри. Абы километр 1,1-рэ и кIыхьагъщ. А гъэзэгъэ 2022 гъэм зэрагъэпэщыжаужэм ящыщу Дзэлыкъуэкъуажэ - Белоканенкэ - Зольскэ автомобиль зекIуапIэу зи кIыхьагъщи километр 15-м нэблагъэм.

IэщлагъэлIхэм я мурадщ гъэгуэм зэлэжь и Iыхьэм и лъабжьэр зэрагъэзэхуэжу и щхьэфэм асфальтыщIэ тралъхьэну, и зэхэкIыпIэхэр зыхуэят хуагъэзэу и щфэхэм нагъыщэхэр щагъэувыну, езы автомобиль зекIуапIэм дамыгъэхэр традзэну.

Гъуэгуугъуэхэм я мурадщ лжжьыгъэ псори гъатхэр имыкI щыкIэ яухыну.

Автомобиль зекIуапIэхэр зэгъэпэщыжыным ехьэлIа лъэпкъ проектым кьызэрыщыгъэлъэгуауэ, япэ ирагъэщыр цIыху нэхъыбэ щыпсэу кьуажэхэмрэ къалэхэмрэ пхрыкI уэрамхэм я закъуэкъым, атIэ зи гъэгуэгуэр мыщIагъуэ жьылагъуэ нэхъ цIыкIуэхэм, щэч хэмылъу.

КЪАНКЪУЛ Раисэ.

● Спорт

Олимп джэгухэм хуэплъэу

Къэбэрдей-Балъкъэрым СпортымкIэ и министерствэм и телеграмм-каналым къызэритамкIэ, Урысей Федерацэм Президент хэхыныгъэхэр зэрыщекIуэкIынум и щIыхькIэ иджыблагъэ Сочэ къалэм щекIуэкIащ Урысей Ипщэм бэнэкIэ хуитымкIэ и чемпионат.

АБы щЫЗЭПЕУАЩ ди къэралым и спортсмен нэхъ лъэщ дыдэхэр икIи ахэр щIэбенащ УФ-м и чемпионатым зэрагъакIуэ путевкэхэм. Арэ къызэрыхах зэхьэзэхэуэ щытитыщ. Абы къыщыхэжаныкIахэм Iэмал зиIэ гъэсыныгъэ мы Париж къалэм щекIуэкIыну Олимп джэгухэм къэралым и командэ кьыхэхьэн хэту кIуэну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIалэхэм зэхьэзэхуэм медалищ къыщахьащ. И хьэлъагъ ельытагъ зыхэта гупым япэ щыхъуащ Заникоев Марат (кг 97-рэ).

Домбеякъ медалхэр кьахьащ Къущхьэ Хьэжы-Муратрэ Iэпщэ Ренатрэ. ЩIалэхэр щыбланэр килограмм 79-рэ хъуэр зыхэт гупырщ.

ТАМОКЪУЭ Едыдж.

Бахъсэндэсхэр пашэщ

Урысейм армрестлингымкIэ (Iэпщэкъэ зэпэкъунымкIэ) пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэу иджыблагъэ Орёл къалэм щекIуэкIам Къэбэрдей-Балъкъэрым и Бахъсэн щIыналъэм и спортсменхэм ехьулIэныгъэфIхэр щызэIэрагъэхьащ. Зэпеуэм хэтащ къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 48-м я спортсмену 1000-м нэблагъэ. УФ-м и ныбжьыщIэхэм я апхуэдэ зэхьэзэхуэхэм зэуэ апхуэдизу цIыху ящу къурихьалIауэ аращ.

ИЛЪЭС 16 - 18 зи ныбжьхэр зыхэт гупым зыкъыщыдэгъэлъагъуэ Къарэмырзэ Къантемыр (кг 65-рэ) Iэпщэ ижьымкIэ зэпеуэхэм ятекIуащ. БалъкъэрИбрэхым килограмм 90 хъуэхм я дежи Iэпщэ сэмэгумкIэ етIуанэ, Iэпщэ ижьымкIэ ещанэ увыпIэкIэ ящыщыащ. Ар зыхэтар илъэс 19 - 20 зи ныбжьхэм я гупырщ.

Къыхэдгъэщынщи, Къарэмырзэ Къантемыр илъэс 15 хъууэ аращ икIи Къэбэрдей-Балъкъэрым и армрестлерхэм ящыщу Урысейм япэу пашэныгъэр къыщызыхьар аращ.

ХЬэщОКъУэ Алыдж.

Кавказым и щIыпIэ телъыджэ

● ЩIыуэпс

Дунейпсо щIэныгъэлIхэм куууэ джын щIадзащ къумхэм яхъумэ щэхухэр. Абы кьежьапIэ хуэхъуар иужьрей илъэсхэм дунейм и щIыуэпс щытыкIэм игъуэт зэхъуэкIыныгъэхэмрэ нобэм кьэс щIыкIуэр зыщцымыгъуэза куэд а щIыпIэхэм зэрахъумэмрэщ.

КЪэКIЫГЪЭРЭ кьурышпс уэрхэмкIэ зэрыкъулейм кьыдэкIуэ, Кавказым и зы плIанэпэм къум щIыпIэ кьыщыхэмыкIуэ щIым и къэбугъэ телъыджэхэм ящыщт. Ди тхыгъэр зытеухуа, Дагъыстэным и Сарыкъум («пшахъуэ гъуэжь») щIыпIэр гъэщIэгъуэныщагъу щхьэантIагъэхэм я курыкупсэм итщ. А щIыпIэр хъумэн зэрыхуейр кьаIытэрэ, 1987 гъэм ар хэтхъуауэ щытащ а республикэм и лъэпкъ мэзкъуэдым. Нобэ ар хъуащ Кавказым и зыплIыхьыпIэ нэхъ гъэщIэгъуэнхэм ящыщ зы. А щIыпIэм туристу щызэблэкIым я бжыгъэм зэкIуэ зэпытщ.

Гектар 576-рэ зи инагъ къумым кIэкIыгъэ зэмылIэужьыгъуэу 350-м нэс кьыщокI. Абыхэм яхэтщ нэгъуэщI щIыпIэхэм узыщимыкьэлIэж куэд. Къум псэущхьэ зэмылIэужьыгъуэ 250-м ящыщу 46-р Тхьлъ Плъыжьым иратхащ. Псалъэм папщIэ, а щIыпIэм ущрохьэлIэ Урысейм щынэхъ ин, зи щхьэхъыр псом нэхърэ нэхъ гуащIэу кьалъытэ блэ гъуабжэм - гюрзам, скорпион къуэлэным, щхъухъ зезыхьэ бэджэхэм, зыми зэран яхуэмыхьу шынбдырхъуо щыкIуэхэм. ГъащIэгъуэныкарэ, Сарыкъум дунеялIъэ кIуэхэмкIэ ахэр шынагъэншэщ, сыту жьIэпIэмэ, мэзкъуэдым и кIыхьагъкIэ ахэр щынагъэншэщ, сыту жьIэпIэмэ, мэзкъуэдым и кIыхьагъкIэ узыщIыкIуэ гъущIымрэ пхъэмрэ кьыхэщIыкIа лъэс лъагъуэр. Ар пшахъуэм кьытеIэтыкIауэ яухуащ, туристхэр тыншу щызэкIуэн папщIэ. ЩIыпIэм и теплъэ кьызэрымыкIуэм итхъэкъуэ зыплIыхьакIуэхэм пшахъуэм хэту Iэгъуэблагъэм къыщакIуэн мэхъу, ауэ сакъынщэ зэи лейкъым. Сарыкъум укIуэнкIэ тынщу пхужьIэнукъым. Ар Дагъыстэным и кьалхэмрэ жылагъуэхэмрэ фIыIуэ япыIухащ, гъуэгу уэзуаи екIуалIэрэкIым. АрщхьэкIэ, дэ дызэмыса дуней теплъэм псори щIэщIагъуэ кьыпщегъэхъу. Апхуэдэщ, къумым умэкIыс щIыкIэ узыпхыкI дыгъэрыжьэ губгъуэ лыгъуахэр. Африкэм и джунглихэр уи нэгу кьыщIагъэхьэу, абыхэм кьэрэкьуэгъуэрэн щIырхъэм фIэкIа щIыпIпэгъуэркъым.

Фи нэгу кьыщIэвгъэхьэт а щIыпIэ нэщIым зэман жьжьэ гурэым щаухуауэ щыта мафIэгу къэувыIэпIэм и вокзалыжь ущрихьэлIэну... Телъыджэу хъума хъуащ чырбыш плъыжьым кьыхэщIыкIа и блынхэри, и учащхьэри, и щIыхьэпIэ дахэхэри. КьыззрыщIэкIымкIэ, а щIыпIэм зэгуэрым цIыхухэр щызэблэкIыу щытащ, ауэ хуэмурэ кьэIэпхъуэ къумым и зэранкIэ жылагъэр нэхъ IуIэпхъуклауэ кьыщIэкIынщ. Мыр кьыхэгъэщIупхъащ - Дагъыстэным, Осетием, Ингушым пасэ зэманым и фэепль куэд щыхъума хъуащ, Къбэрдей-Балъкъэрым кьыщхьэщыкIыу. Абыхэм яхэтщ урысейпсо щIэинхэм хатха куэд.

Илъэсым кьрирубыдэу мазитхукIэ Сарыкъум хуабэр градус 20-м нэхъыр нэхъ пIахъэщ щыхъуащ, махуэхэм кьаохкI ар градус 75-м щынэс, пшахъуэщIым пщтыраг-гъэзрихъумэм кьыхэкIыу.

Кавказым и къумыр кьызэрыпэхуам теухуауэ щIэныгъэлIхэм Iэхуэ ельыкIэ зыбжанэ яIэщ. Абыхэм ящыщ зыщ а щIыпIэр къэзыуэхурэ, ихь бгыхэм жьапIэм кьыщирихьажьэ пшахъуэр илъэс мелуаным нэскIэ а зы утыкум зэрыщIэзэгъэрхьар. Сарыкъум Европэм щынэхъ ин дыдэщ, Евразием етIуанэ увыпIэр щыIыгъщ. Мыбдежьым къэнэжащ зыщ а щIыпIэр къэзыуэхурэ. Абыхэм я къумэ щыщIэныгъэ яхуэимыIэ пшахъуэ гуэрэн «бархан»-кIэ зэджэ, адрейхэм кьащхьэщыкIыну, мазэ ныкъуэм и теплъэм ещхь пшахъуэ толъкъунхэр здэщыIэ щIыпIэхэрщ. Абыхэм я къуапитIыр жьыжьэ кьыщожьэ, удэкIуеину тынш щхьэкIэ, жьыбгъэ уапIэу щыт и курыкупсэр задэрэ укIэрымкъэсэфу.

Псалъэм папщIэ, щы хъуребм щынэхъ ин Сахарэ метр зэбгъуэзнатIэ 9065000-рэ мэхъу икIи ар и инагъкIэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм кьаззрыкIэрыкъу щыIэкъым. Абы кьыззщIеубыдэ Мысырым, Ливием, Алжирым, Марокхэм, Суданым я гъунапкъэхэр. Къумхэр зэхуэдэкъым я теплъэкIи, я климат щыIыкIэкIи.

Нэхъапэм абыхэм я пщтыраг-гъэзрихъумэ зэдэщыIэ щIыпIэхэрщ. Абыхэм я кьуапитIыр жьыжьэ кьыщожьэ, удэкIуеину тынш щхьэкIэ, жьыбгъэ уапIэу щыт и курыкупсэр задэрэ укIэрымкъэсэфу.

Псалъэм папщIэ, щы хъуребм щынэхъ ин Сахарэ метр зэбгъуэзнатIэ 9065000-рэ мэхъу икIи ар и инагъкIэ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм кьаззрыкIэрыкъу щыIэкъым. Абы кьыззщIеубыдэ Мысырым, Ливием, Алжирым, Марокхэм, Суданым я гъунапкъэхэр. Къумхэр зэхуэдэкъым я теплъэкIи, я климат щыIыкIэкIи.

Нэхъапэм абыхэм я пщтыраг-гъэзрихъумэ зэдэщыIэ щIыпIэхэрщ. Абыхэм я кьуапитIыр жьыжьэ кьыщожьэ, удэкIуеину тынш щхьэкIэ, жьыбгъэ уапIэу щыт и курыкупсэр задэрэ укIэрымкъэсэфу. Абыхэм я